

## KONPANSASYON CHOMAJ IJANS PANDEMIK (PEUC) AK BENEFIS PWOLONJE FAQS (EB)

MIZAJOU MAS 2021

### K: KI EKSTANSYON BENEFIS ASIRANS CHOMAJ KI DISPONIB KOUNYE A?

R: Kounye a gen de pwogram ekstansyon: Pwogram Konpansasyon pou Chomaj pou Ijans Pandemik (PEUC), ki te kreye pa Lwa Federal CARES, ak Pwogram Benefis Pwolonje (EB), ki pran efè dapre lwa eta dèke eta a rive nan yon sèten nivo chomaj ki wo.

Daprè lwa federal, pwogram sa yo disponib sèlman pou moun k ap resevwa asirans chomaj tradisyonèl (UI). Moun ki resevwa benefis Asistans Chomaj Pandemik (PUA) pa kalifye pou benefis PEUC oswa EB, men **ka** resevwa jiska 79 semèn nan benefis PUA nan moman sa a.

KONPANSASYON CHOMAJ IJANS PANDEMIK (PEUC)	PWOGRAM BENEFIS PWOLONJE
Bay 53 semèn benefis adisyonèl	Ofri 20 semèn benefis adisyonèl (apati Janvyé 2021 - sa ka chanje si to chomaj New York la diminye)
Disponib depi 5 Avril 2020	Disponib nan semèn benefis ki fini 5 jiyè 2020 an
Ekspire nan semèn benefis ki fini 5 septanm 2021.	Kounye a, Nouyòkè kalifye pou benefis pwolonje dapre règleman federal yo, akòz gwo to chomaj eta a. Kòm to chomaj la chanje, sa ka chanje tou.

### Q. KIYÈS KI ELIJIB POU PWOGRAM PEUC A?

R: Pou elijib pou PEUC, ou dwe fini avan premye 26 semèn benefis UI regilye a epi kontinye nan chomaj.

### K: KIYÈS KI ELIJIB POU PWOGRAM EB A?

R: Pou kalifye pou EB, ou dwe itilize tout premye 26 semèn avantaj asirans chomaj tradisyonèl ak tout 53 semèn benefis pou Konpansasyon Chomaj pou Ijans Pandemik (PEUC) (yon total 70 semèn benefis) epi kontinye nan chomaj.

Gen de senaryo altènatif ki ka kalifye ou pou EB anvan ou resevwa 20 semèn benefis:

- Si ane benefis ou an pou asirans chomaj regilye eksipre apre, 1ye Jiyè 2019 epi ou te resevwa 13 semèn benefis PEUC yo, oswa
- Ou te fè tranzisyon nan EB apre ou te resevwa 13 premye semèn PEUC yo anvan pwogram lan te pwolonje nan Desanm 2020.

Si w ap travay kounye a, ou pa ka kite travay ou a pou reklame Benefis Pwolonje - fè sa pral lakòz diskalifikasyon.

## K: KONBYEN SEMÈN ANPLIS BENEFIS PEUC AK EB OFRI?

R: Asirans Chomaj Tradisyonèl dire 26 semèn. Apati de Janvye 2021 PEUC ofri 53 semèn nan benefis adisyonèl ak EB ofri swa 13 oswa 20 semèn nan benefis adisyonèl sou tèt semèn yo nan benefis PEUC, ki depann sou to chomaj Eta New York la. Sa vle di Nouyòkè yo ka elijib pou yon total 92 oswa 99 semèn benefis Asirans Chomaj, selon lè yo te depoze reklamasyon yo epi si gouvènman federal la konsidere New York gen "gwo chomaj" oswa "chomaj trè wo." Depi Jiyè 2021, Nouyòkè yo kalife pou 20 semèn Benefis Pwolonje anplis.

## K: KI TO AVANTAJ MWEN POU BENEFIS ADISYONÈL YO?

R: Pousantaj chak semèn ou yo pral menm kantite lajan ou te resevwa pou benefis asirans chomaj tradisyonèl ou, ki te baze sou revni resan ou yo. Ou ka estime benefis chak semèn ou ak kalkilatris sa a: [labor.ny.gov/benefit-rate-calculator/](http://labor.ny.gov/benefit-rate-calculator/)

## K: ÈSKE M AP RESEVWA BENEFIS SIPLEMANTÈ SOU CHAK PÈMAN PEUC AK EB?

R: Pandan yo p ap travay, Moun ki kalife pou PEUC ak EB yo kalife tou pou resevwa pèman Federal Konpansasyon Chomaj Pandemi (FPUC) \$ 600 pa semèn pou semèn benefis yo fini 5/4/2020 a 26/7/2020 ak \$ 300 pa semèn pou semèn benefis la ki fini 3/1/2021 a 5/9/2021.

## K: MWEN FIN ITILIZE BENEFIS ASISTANS PANDEMIK POU CHOMAJ MWEN AN (PUA). ÈSKE MWEN KALIFYE POU SWA PEUC OSWA EB?

R: PEUC ak EB sèlman konsène moun ki benefisyé de asirans chomaj tradisyonèl, pa PUA. Men, daprè lwa federal, moun ki ap resevwa Asistans Pandemik pou Chomaj (PUA) yo kounye a kalife pou jiska 57 semèn nan benefis yo.

## K: KILÈ BENEFIS PWOLONJE YO AP KÒMANSE, EPI POU KONBYEN Y AP DISPOНИB?

R: Benefis pwolonje yo ap disponib kòmanse fen semèn 5 Jiyè 2020 - men ou dwe fini ak premye 26 semèn tradisyonèl UI yo ak 53 semèn PEUC anvan ou kapab aksede ak EB.

## K: KÒMAN MWEN KA CHÈCHE KONNEN SI MWEN KALIFYE POU EB?

R: Depatman Travay ap voye lèt ak enstriksyon pou moun kap fè reklamasyon yo ki ka kalife pou EB. Si ou kwè ou elijib pou EB, men ou poko resevwa yon lèt, ou ta dwe fè aksyon sa yo:

Si Ane Benefis ou a **pa** ekspire, kontinye sètifye pou benefis yo jan ou te fè anvan itilize youn nan metòd sa yo. Ou pral otomatikman kòmanse reklame Benefis Pwolonje:

- Sou entènèt sou [www.labor.ny.gov/signin](http://www.labor.ny.gov/signin): Konekte sou paj "My Online Services", seleksyon "Unemployment Services," epi chwazi "Claim Weekly Benefits."
- Nan telefòn: Rele Tel-Sèvis nan nimewo gratis: **888-581-5812** Tel-Sèvis disponib 24 èdtan nan yon jounen, 7 jou nan yon semèn.
- Enstriksyon pou itilizatè TTY/TDD (moun ki gen pwoblèm tandem): Rele yon operatè relè nan **800-662-1220** epi mande operatè a pou rele **888-783-1370**.
- Enstriksyon pou itilizatè Relè Videyo: Kontakte operatè relè ou a epi mande operatè a pou rele **888-783-1370**.

Si Ane Benefis ou ekspire, ou dwe fè yon nouvo reklamasyon si ou t ap travay pou yon patwon epi ou touche dis fwa pousantaj benefis chak semèn ou depi lè w te fè premye reklamasyon ou. Moun ki resevwa UI ki pa t travay pou yon patwon oswa ki te travay pou yon patwon men ki pa t touche dis fwa pousantaj benefis yo chak semèn depi lè yo te fè premye reklamasyon yo a ka kontinye sètifye pou resevwa EB: Sèvi ak youn nan metòd sa yo pou fè nouvo reklamasyon w lan:

- Sou Entènèt sou [unemployment.labor.ny.gov](http://unemployment.labor.ny.gov): Chwazi "Login," epi chwazi, "File A Claim." L ap nesesè pou w rele Sant Reklamasyon Telefonik la pou fè reklamasyon ou an.
- Nan telefòn: Rele Sant Reklamasyon Telefonik la nan **1-888-209-8124**, Lendi jiska vandredi, 8:00 am a 6:00 pm, Chwazi opsyon lang ou a epi peze "2" pou depoze yon reklamasyon. Apre w fin bay enfòmasyon nesesè yo, w ap bezwen pale ak yon ajan pou konplete reklamasyon w nan.

- Enstriksyon pou itilizatè TTY/TDD (moun ki gen pwoblèm tandem): Rele yon operatè relè nan **800-662-1220** epi mande operatè a pou rele **888-783-1370**.
- Enstriksyon pou itilizatè Relè Vidéyo: Kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele **888-783-1370**.

## **K: KÒMAN POU MWEN SÈTIFYE POU BENEFIS CHAK SEMÈN ANBA EKSTANSYON?**

**R:** Ou sètifye pou semèn anplis PEUC oswa EB menm jan an ou sètifye pou benefis chak semèn nan tan lontan an. Ale sou [www.labor.ny.gov/signin](http://www.labor.ny.gov/signin) sètifye pou benefis sou entènèt la oswa rele Tel-Sèvis **888-581-5812** pou sètifye pa telefòn. Ou pa bezwen pale ak yon ajan Sant Reklamasyon nan Telefònik.

## **K: KI SA KI KONDISYON YO POU RECHÈCH TRAVAY POU EB?**

**R:** Kondisyon pou chèche travay yo se menm ak asirans chomaj tradisyonèl yo (gade: <https://labor.ny.gov/ui/claimantinfo/work-search.shtm>).

## **K: E SI MWEN AP SWIV FÒMASYON DEPATMAN TRAVAY ETA NEW YORK APWOUVE?**

**R:** Si w ap swiv nan fòmasyon Depatman Travay Eta New York apwouve, ou ka kalifye pou resevwa EB epi ou pa ta oblige chèche travay. Men, si ou nan yon poz nan fòmasyon an pou plis pase senk semèn, y ap mande w pou disponib pou travay ak toujou ap chache travay.

## **K: KIJAN BENEFIS CHOMAJ YO PEYE ANBA EKSTANSYON YO?**

**R:** Benefis pwolonje pou chomaj ou yo - swa PEUC oswa EB - anjeneral peye menm jan ak Asirans Chomaj regilye w la. Ou pral resevwa benefis ou yo pa depo dirèk oswa kat debi. Benefis yo peye nan sèvi avèk menm metòd la tankou reklamasyon ki pwolonje a.

Si Ane Benefis ou an ekspire epi ou depoze yon nouvo reklamasyon sou entènèt, yo pral mande w si ou vle resevwa benefis ou yo pa depo dirèk oswa kat debi. Si ou depoze yon nouvo reklamasyon nan telefòn, w ap resevwa otomatikman benefis ou yo atravè kat debi sof si ou te resevwa yo nan depo dirèk sou reklamasyon ou te fè anvan an.

## **K: E SI ISTORIK PÈMAN BENEFIS SOU ENTÈNÈT MWEN AN MONTRE "0" ANBA BALANS KI RETE A?**

**R:** Si ou kalifye pou EB, montan balans ki rete a pral ajiste pwochèn fwa ou sètifye pou benefis yo. Ou pa bezwen fè yon nouvo reklamasyon asirans chomaj amwenske ane benefis ou an ekspire epi ou **ranpli kritè moun k ap fè reklamasyon ki dwe re-aplike nan fen ane benefis yo**:

- Si ou pa te travay pou yon anplwayè OSWA ou pa t touche 10 fwa pouvantaj semèn benefis ou a depi lè w te fè premye reklamasyon w lan, ou ka kontinye sètifye sou reklamasyon w gen déjà apre dat ekspirasyon ane benefis ou a: Ou pa bezwen re-aplike si ou pa retounen nan travay, men si ou chwazi pou ou re-aplike, n ap revize kalifikasyon ou pou yon nouvo reklamasyon.
- Si ou te travay pou yon anplwayè EPI ou touche 10 fwa pouvantaj benefis chak semèn ou depi ou te fè premye reklamasyon ou an:

## **K: KI DAT LIMIT POU EKSTANSYON BENEFIS YO?**

**R:** Apati mas 2021, PEUC disponib kounye a jiska 5 septanm 2021 pou Nouyòkè ki kalifye oswa pou total 53 semèn elijibilite, kèlkeswa sa ki vini an premye a.

## **K: ÈSKE PRAL GEN YON LÒT EKSTANSYON PEUC AK/OSWA EB?**

**R:** 11 mas 2021 an Gouvènman federal la te pwolonje PEUC. EB pa t pwolonje nan moman sa a. Kontinye tcheke mizajou sou [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov).